

Mas 19, 2025

Lèt Ouverte

Pou Ekselans Fritz JEAN

Prezidan Konsèy Transisyon Prezidansyèl

Kòm òganizasyon ki angaje nan avanse dwa moun, jistis, ak pwosperite nan Ayiti, nou pran nòt nan asansyon ou nan Prezidans Konsèy Transisyon Prezidansyèl (TPC) nan dat 7 mas – yon jou anvan Jounen Entènasyonal Fanm ak pandan Mwa Istwa Fanm – e nou ekri pou mande aksyon ijans ou pou pwoteje dwa fanm ak tifi Ayiti. Dosye gouvènman transisyon an sou dwa fanm jouk jounen jodi a pa rive nan obligasyon legal li yo anvè fanm ak tifi Ayiti. Konsekans echèk sa a se vyolans seksyèl ki gaye san remèd, dega imanité ki pwofon, inegalite ki ap ogmante, ak pwospèksyon ki febli pou bati lapè epi retounen nan demokrasi.

Nou atire atansyon ou sou [Kad Politik pou yon Transisyon Efikas ak Ekitab](#) ke [plis pase 180](#) òganizasyon sosyete sivil soti nan Ayiti ak atravè mond lan te ankouraje gouvènman tranzisyon an pou adopte, pou l ka pi byen satisfè obligasyon legal li yo anvè fanm ak tifi Ayiti. Nou atire tou atansyon ou sou lèt tout louvri ki te mande aksyon repons, ke nou te adrese a [prezidan anvan ou](#), [Prezidan Voltaire](#), ak [Premye Minis Fils-Aimé](#). Nou ensiste pou ou kase chenn ak echèk pase yo epi **sèvi ak Prezidans ou pou pran aksyon korektif imedya pou asire ke dwa fanm ak tifi Ayiti yo respekte e yo vin nan mitan politik, nominasyon, ak bidjè gouvènman transisyon an.**

Jouk jounen jodi a, gouvènman transisyon an pa rive reponn a bezwen fanm ak tifi Ayiti yo, li vyole obligasyon legal li anba lwa Ayisyen ak lwa entènasyonal yo e li neglije pi bon pratik pou tranzisyon ki reyisi. Vyolans seksyèl ak lòt fòm vyolans ki baze sou sèks (GBV) ap [ogmante](#), ak kantite ka yo [rapòte](#) yo rive nan [milye](#). Ane pase a, founisè sèvis yo te rapòte mwa kote ka vyòl yo te rive [an mwayèn 40 pa jou](#), e Nasyonzini te anrejistre yon ogmantasyon etonan nan [1.000%](#) nan ka vyolans seksyèl sou timoun - sitou tifi. Gouvènman [an te prèske absan](#) devan kriz sa a, kite fanm ak tifi yo san pwoteksyon, san sèvis repons a GBV, oswa jistis. Sit deplasman, ki tounen [pwen cho](#) pou GBV e menm [eksplotasyon seksyèl ak abi](#) pa moun ki responsab distribye ti kras resous imanité, se yon ilustrasyon wont de enkapasite gouvènman an nan bay priyorite a bezwen fanm [yo fè sou kò yo ak lavi yo](#). Echèk gouvènman an nan reponn de fason apwopriye a GBV ki gaye a se yon egzanp klè sou [echèk](#) li nan [akonpli obligasyon legal](#) li yo pou garanti dwa ak bezwen fanm ak tifi Ayiti yo.

Fanm ak tifi kontinye ap fè fas ak inegalite epi diskriminasyon nan tout domèn lavi piblik ak prive, maginalizasyon ki [aggrave vilnerabilite](#) yo devan vyolans, deplasman, povrete, ak eksplotasyon. Gouvènman an poko akonpli obligasyon li pou adrese bezwen espesifik yo ak demantle baryè distenk - [souvan vyolan](#) - yo fè fas. Yon egzanp ki sòti klè se vyolasyon gouvènman transisyon an nan [obligasyon Konstitisyonèl](#) li pou garanti ke fanm yo nonmen nan omwen 30% nan tout pozisyon piblik. Pwòp TPC ou a [pa gen okenn fanm](#) ki gen dwa vote, e reprezantasyon nan nivo ministè an [vremman diminye](#).

Echèk sa yo nan politik gouvènman ak priyorite pa sèlman vyole dwa fanm ak tifi Ayiti epi menase lavi yo; yo agrave kriz Ayiti a epi febli efò gouvènman transisyon ou a pou restore lapè pou tout Ayisyen ak mete Ayiti sou yon chemen estabilite demokratik ak pwosperite. Kòm [Kad Politik pou yon Transisyon Efikas ak Ekitab](#) di, “antre lidèchip fanm yo ak bezwen espesifik yo se yon pratik ki etabli pou tranzisyon nan kontèks konfli, ki reflekte rekonesans anpirik ke lè fanm enkli, rezilta yo pi efikas ak dirab.” Anplis, kòm Lèt Ouvè 20 Fevriye a eksplike, paske gwoup ame yo ap itilize GBV “kòm yon taktik entansyonèl ak insidyèz pou [destabilize kominote](#) yo sistematikman e pou rache [kontwòl terityal](#) nan men leta Ayisyen,” batay kont GBV “endispansab pou estabilize ak rebati Ayiti epi dwe vin yon prensip santral nan politik sekirite ak responsablite ou yo.”

Santre lidèchip fanm yo ak bezwen espesifik yo epi abòde GBV sistematikman pa ka neglije. Kòm Agenda Fanm, Lapè, ak Sekirite Nasyonzini a [etabli](#), sa yo se enperatif pou yon tranzisyon efikas, lapè dirab, ak estabilizasyon demokrasi ak ekonomi nan Ayiti.

Ou gen otorite ak opòtinite pou amelyore lavi fanm ak tifi Ayiti yo de fason konkrè ak pou akselere tranzisyon demokratik Ayiti lè w asire patisipasyon fanm nan pran desizyon ak lidèchip, reponn kòm sadwa a nivo terib GBV, e sinon satisfè obligasyon gouvènman ou anba lwa Ayisyen ak entènasyonal yo. Nou mande pou ou itilize tou de sa yo lè w santre [Kad Politik pou yon Transisyon Efikas ak Ekitab](#) nan politik ou yo e imedyatman aplike rekòmandasyon li yo, ansanm ak rekòmandasyon yo bay nan [lèt](#) tout louvri ki referanse pi wo a. Nou plis atire atansyon ou sou [rekòmandasyon ekivalan](#) ke Gro Biwo Nasyonzini pou Komisyon Dwa Moun yo ofri.

Ak Respè epi gwo espwa ke w ap pran aksyon imedyata,

1. 100% FANM - SAN POU SAN FANM (Haiti)
2. 11th Department (USA)
3. Alternative Chance / Chans Alternativ (Haiti)
4. American Jewish World Service (AJWS) (USA)
5. Anana Consultants (USA)
6. Ansara Family Fund (USA)
7. Association des Femmes de Borgne (Haiti)
8. Bureau des Avocats Internationaux (BAI) (Haiti)
9. CAISO: Sex and Gender Justice (Trinidad and Tobago)
10. CAR / Chapit Ayiti (Haiti)
11. Center for Gender & Refugee Studies (CGRS) (USA)
12. Centre de Formation et de Développement Communautaire (CEFODEC) (Haiti)
13. Clinique de Recherche, d'Analyse, et d'Assistance Légale de L'École Supérieure Catholique de Droit de Jérémie (CRAALE) (Haiti)
14. Coalition des Associations des Femmes pour la Justice Sociale en Haiti (CAFJSH) (Haiti)
15. Collectif des Amis des Droits Humains (COLAH) (Haiti)
16. Collectif Haïti de France (France)
17. Community Coalition for Haiti (CCH) (USA)
18. Confédération des Travailleurs et Travailleuses des Secteurs Public et Privé CTSP-HAÏTI (Haiti)
19. Congregations of St. Joseph (USA)
20. Coordination Europe-Haïti (CoEH) (European Union)
21. Diaspora Community Services (DCS) (USA)
22. Dominican Sisters of Sparkill (USA)
23. Faith in Action International (Haiti)
24. Family Action Network Movement (FANM) (USA)
25. FAMN RIRAL POU PWOMOSYON DEVLOPMAN AGRIKILT AN AYITI (FARIPDA) (Haiti)
26. Fondation TOYA (Haiti)
27. Friends of Matènwa (FoM) (USA)
28. Global Centre for the Responsibility to Protect (GCR2P) (USA)
29. Gran Jipon (Haiti)
30. Groupe d'Action pour le Progrès d'Haïti (GAPH) (Haiti)
31. Groupe d'Appui au Développement et à la Démocratie (GRADE) (Haiti)
32. Haiti Adolescent Girls Network (HAGN) (Haiti)
33. Haiti School Project (USA)
34. Haitian American Foundation for Democracy (HAFFD) (USA)
35. Haitian Bridge Alliance (HBA) (USA)
36. Haitian Women's Collective (HWC) (Haiti)
37. Impact Communautaire pour le Développement d'Haïti (ICODEH HAITI) (Haiti)
38. Institute for Justice & Democracy in Haiti (IJDH) (USA)
39. International Civil Society Working Group for the Permanent Forum on People of African Descent (ICSWG PFPAD) (Global)

40. Komisyon Fanm Viktim pou Viktim (KOFAVIV) (Haiti)
41. La Fédération Nationale des Syndicats en Education FENASE (Haiti)
42. La Troupe Makandal, Inc. (USA)
43. Li, Li, Li! Read (Haiti)
44. MADRE (USA)
45. Manifest Haiti (USA)
46. Massachusetts Action for Justice (USA)
47. Nègès Mawon (Haiti)
48. New England Human Rights Organisation (NEHRO) (USA)
49. Nou Pap Dòmi (Haiti)
50. Òganizasyon Feminis Dantò / Dantò Òganizasyon Feminis (Haiti)
51. Organisation féministe MARIJÀN (Haiti)
52. Organisation FIEF (Haiti)
53. Partners in Health (PIH) (Haiti)
54. Passionists International (USA)
55. PROFAMIL (Haiti)
56. Quixote Center (USA)
57. Regroupement des Femmes Actives d'Haïti (RFAH) (Haiti)
58. Roots of Development (USA)
59. Saint Joseph Worker Foundation, Inc. (USA)
60. Sant La Haitian Neighborhood Center (USA)
61. Summits Education (Haiti)
62. UNESCO Inclusive Policy Lab - People of African Descent & SDGs E-Team (Global)
63. Unitarian Universalist Service Committee (UUSC) (USA)
64. WE ARE WOMEN ORG (Haiti)
65. Zantray Fanm Kreyòl (ZAFK) (Haiti)